

RESOUS POU IMIGRAN NEW YORK YO

KÈLKESWA ESTATI IMIGRASYON OU, VIL NEW YORK LA POU EDE OU.



Èd Jiridik pou Imigrasyon

Pou èd jiridik pou imigrasyon ki gratis epi ki sèten, rele **800-354-0365**, soti Lendi rive Vandredi, 9AM pou 6PM.



Kat ID NYC

Aplike pou yon **IDNYC**, ki se kat idantifikasyon minisipal pou tout rezidan NYC ki gen 10 lane epi ki pi gran yo. Renouvele anliy oswa pran yon randevou pou enskri rele **311** oswa ale sou nyc.gov/idnyc.



Kou Anglè

Aprann **Anglè gratis** nenpòt lè, nenpòt kote. Ale sou wespeaknyc.cityofnewyork.us pou plis enfòmasyon.



Swen sante

NYC Health + Hospitals (H+H) H+H kapab bay swen an ijans, swen sante debaz, konsiltasyon, vaksen, ak plis toujou. **Rele 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou yo oryante w nan sant ki pi pre ou a.** Pou enskri nan plan asirans sante, san wete pwogram **NYC Care** la, rele **646-NYC-CARE 646-692-2273** oswa ale sou nyccare.nyc.



Sante Mantal

Pou sipò ak koneksyon konfidansyèl pou swen sante mantal ak resous sou itilizasyon sibstans, rele **888-692-9355 oswa 988, voye WELL nan mesaj tèks bay 65173** oswa ale sou mentalhealthforall.nyc.gov.



Ijans

Lè gen yon ijans, rele 911. Yon ijans se nenpòt sitiyasyon ki nesesite èd lapolis, depatman ponpye, oswa anbilans san pèdi tan. **Selon lalwa, Depatman Lapolis Vil New York la pa kapab poze kesyon sou estati imigrasyon moun ki viktim krim, temwen, oswa lòt moun ki ap mande èd yo.**



Edikasyon Piblik

Tout timoun nan NYC ki gen 4-21 lane kapab ale nan lekòl piblik. Pou enskri, ale sou schools.nyc.gov/fwc oswa rele **311**.



Resous ak Enfòmasyon Jeneral sou Vil la

Ou bezwen gen aksè nan resous vil la oswa ou vle rapòte yon pwoblèm? Rele **311** oswa ale sou portal.311.nyc.gov.



Liy Dirèk pou Zafè Imigran NYC

Rele liy dirèk nou an nan **212-788-7654** soti Lendi rive Vandredi, 9AM pou 5PM, oswa voye yon imèl pou nou nan askmoia@cityhall.nyc.gov.



RESOUS POU IMIGRAN NEW YORK YO

KÈLKESWA ESTATI IMIGRASYON W, OU GEN DWA.

Evite Fwod nan Imigrasyon

Si w bezwen konsèy jiridik sou kesyon imigrasyon, pale sèlman ak yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite. Ou kapab jwenn yon lis founisè ki akredite epi yo rekonèt sou **nyc.gov/immigrants**.

Dwa Anrapò ak Aplikasyon Lwa Sou Immigration

NYC pa fè aplike lwa sou imigrasyon. Si sèvis pou aplikasyon lwa sou imigrasyon federal yo vin kote w, ou gen dwa. Ale sou **nyc.gov/knowyourrights** oswa rele liy dirèk sou imigrasyon legal nou an gratis nan **800-354-0365**.

Dwa Travayè yo

Ou gen dwa pou jwenn konje maladi ki peye, salè minimòm, pèman pou lè siplemantè ansanm ak anpil lòt bagay selon lwa Vil New York la. Ale sou **nyc.gov/workers** pou resous oswa rele **212-436-0381**.

Plent pou Diskriminasyon

Selon Lwa pou Dwa Moun NYC a, asèlman ak diskriminasyon se bagay ki ilegal. Pou rapòte yon ensidan sou diskriminasyon, tanpri rele **212-416-0197**.

Pwoteksyon Kont Vyalans Domestik

NYC la pou ede ou si ou te viktim abi. Ou kapab ale sou **nyc.gov/nchope** oswa rele Liy Dirèk pou Vyolans Domestik NYC a nan **800-621-HOPE**.

Dwa Lokatè yo

Ou bezwen èd pou nenpòt kesyon ki lye ak mete yo mete w deyò oswa ak pwopriyetè ou a? Ale sou **nyc.gov/tenantprotection** oswa rele **311** epi di **"tenant helpline"** pou èd legal gratis.

Dwa pou Abri

Ou gen dwa pou mande yon abri si w pa gen kote pou ou rete. Ale nan sant dakèy Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) deziyen an pou ou gen aksè ak sèvis abri. Rele **311** pou w aprann plis.

Pwoteksyon pou Konsomatè

Ou gen yon pwoblèm avèk yon biznis? Antanke yon konsomatè, ou gen dwa. Depoze yon plent lè w ale sou **nyc.gov/consumers** oswa rele **311**.